

Rekòmandasyon Sanitè Pwovizwa pou Travayè kap Manyen Kadav Moun

Moun ki pap travay dirèkteman nan rekouvremman oswa ki pap travay nan lòt aktivite ki mande pou yo manyen kò moun ki mouri yo, pa gen okenn risk pou yo trape maladi kontajye ni yo pa gen okenn risk pou yo enfektye lè yo kanpe bò kote kadav yon moun.

Sepandan, moun ki nan zòn ki afekte yo dwe pran anpil prekosyon pou yo pa mete sante yo ak sekirite yo andanje, sètadi pou yo evite blese nan debri file yo, pou yo pa blese nan batiman ki domaje yo, nan fil elektrik, nan lari ak nan enstalasyon endistriyel yo.

Si enstalasyon sanitè yo pa la ankò, sa ka fè moun vin ekspoze a pwòp dechè yo, yo ka pèdi kapasite pou trete dlo potab, epi yo ka paka mete manje ak atik medikal nan frijidè.

Rekòmandasyon pou moun ki dwe pran kontak dirèk avèk kadav moun yo

Kadav moun yo ka gen viris ki transmèt nan san tankou viris epatit B ak C ak VIH, epi mikwòb ka bay maladi ki pwovoke dyare, tankou maladi salmonela ak shigella. Viris ak mikwòb sa yo pap menase sante yon moun kap mache toupre kadav yo ni nonplis tou yo pap koze gwo kontaminasyon nan anviwònman an.

Moun ki oblije manyen kadav yo, tankou pèsònèl ki nan ekip rekouvremman an, oswa moun kap idantifye kadav yo oswa kap prepare kadav pou antere oswa pou boule yo, ka gen risk pou moun sa yo ekspoze a viris sa yo oswa a mikwòb.

Travayè kap manyen kadav moun dwe pran prekosyon suivan yo:

1. Pwoteje figi w pou likid ki soti nan kò moun ak matyè fekal pa viltije sou ou. Ou ka itilize yon pwoteksyon pou figi ki anplastik oswa yon konbinezon bagay pou pwoteje zye w (linèt pwoteksyon pou zye ki pèmèt lè pase ladan yo bon anpil, si w ka jwenn yo; linèt pwoteksyon ap bay pwoteksyon limite sèlman) ak mask medikal. Nan ka ekstrèm, ou ka itilize yon moso twal pou mare nan figi w pou kouvri nen w ak bouch ou e ki pral anpeche bagay yo viltije nan figi w.
2. Pwoteje men w defason pou l pa pran kontak dirèk avèk likid ki soti nan kò moun, epitou pou men w pa fann, pou pa gen okenn bagay pwenti ki pike men w, oswa pou men w pa sibi okenn lòt domaj ki ka chire po w e ke se debri pwenti oswa fragman zo ki lakoz domaj sa yo. Li preferab pou w itilize ni gan ki gen yon kouch pwoteksyon pou anpeche men w fann ni gan latèks oswa gan ki gen kouch sou deyò ki menm jan an. Menm jan an tou, fòk ou mete soulye ki ka pwoteje w kont debri ki pwenti.

3. Toujou dezenfekte men w pou pa trape maladi ki bay dyare ak lòt maladi ki soti nan matyè fekal ki sou men w. Kou w fin retire gan yo, lave men w avèk savon e ak dlo oswa avèk yon dezenfektan pou men abaz alkòl.

4. Swaye san pèdi tan nenpòt ki blesi ou ta pran nan travay avèk kadav moun – sètadi netwaye blesi a touswit avèk savon e ak dlo pwòp, epi pran yon vaksen rapèl kont tetanòs, si yo te mande sa.

5. Non sèlman ou fèt pou pwoteje tèt ou, ou fèt pou patisipe nan pwogram ki disponib e ki bay travayè kap manyen kadav moun yo sipò sikolojik ak emosyonèl. Nap ankouraje ajans kap kowòdone jesyon kadav moun yo pou yo devlope pwogram ki ofri sipò sikolojik ak emosyonèl e ki ofri swen pou travayè yo pandan ak apre aktivite rekouvremant yo.

Lòt bagay pou n konsidere

Selon yon pèspektiv sante piblik, pa gen okenn règleman konsènan antèman oswa ensinerasyon anmas, pou diminye risk pou moun trape maladi enfektye. Travayè sekouris yo dwe pote asistans yo bay kominote lokal yo pou yo idantifye yon anplasman ki san danje defason pou yo mete kadav yo poko idantifye yo. Si posib, se pou anplasman sa a ta yon kote piblik la pa ka wè, e se pou yo pwoteje kadav yo defason pou rapas pa al sou yo.

Itilize sak yo konn mete kadav pou mete kadav yo, si sak sa yo disponib. Metòd refrijerasyon ka diminye kantite kò kap dekonpoze e li ka ede idantifye kadav yo, si gen mwayen pou itilize metòd sa a.

Li pa enteresan ditou pou wè kò kap dekonpoze ni pou pran sant kò kap dekonpoze, men yo pa menase sante piblik la.

Pou enfòmasyon anplis konsènan risk sante ki gen rapò ak kadav moun, ale sou sit entènèt PAHO a nan <http://www.paho.org/English/DD/PIN/pr040923.htm> ak sou sit entènèt WHO a nan http://www.who.int/hac/techguidance/ems/flood_cds/en/.

Si w bezwen plis enfòmasyon, ale sou entènèt la nan www.bt.cdc.gov/disasters,
oswa rele CDC nan 800-CDC-INFO (lang angle ak panyòl) oswa rele 888-232-
6348 (pou moun ki soud ak bèbè – TTY).

